



# KISA PITIT OU A PRAL APRANN?



## Katriyèm Ane Eskolè

2017-2018

### Kijan mwen ka ede pitit mwen nan kay la?

Aprantisaj pa fini nan salklas la. Timoun bezwen èd ak sipò nan kay la pou yo reyisi nan etid yo. Eseye kreye yon kote trankil pou pitit ou a etidye chak jou pou zanmi, frè ak sè, oubyen lòt distraksyon pa entèwont li. Ou ka jwe yon wòl enpòtan nan kay la, nan etabli gwo atant e sipòte pitit ou a nan satisfè bezwen li. Ou dwe tou eseye chita avèk pitit ou a omwen yon fwa pa semèn pou 15 a 30 minit pandan li ap fè devwa li. Sa ap kenbe w enfòme sou kisa pitit ou a ap travay. Lè w fè ti pa sa yo, w ap ede pitit ou a jwenn siksè nan toude, anndan ak deyò salklas la.

- Ankouraje pitit ou a sèvi ak diskisyon lojik pou defann opinyon li. Si pitit ou a vle pou w ogmante lajan pòch li, mande li pou l fè rechèch sou sistèm lajan pòch ki fè sans e, baze sou rechèch sa a, eksplike l pou ki rezon, sipòte l avèk fè e detay.
- Pale sou nouvèl yo ansanm. Chwazi yon istwa nan nouvèl yo, li l ansanm, e diskite avèk pitit ou a kisa l vle di.
- Kenbe, liv, magazin, jounal nan kay la. Asire w pitit ou a wè w ap li.

Enfòmasyon PTA bay:



### Atant Pou Nivo Ane Eskolè a

Devlope andirans ak ladrès pou l li liv fik-syon, sa ki pa fiksyon ki difisil, ak lòt materyèl fondamental nan 4yèm ane eskolè. Pitit ou a ap kontinye aprann sou mond lan ansanm ak devlope ladrès vokabilè l nan li powèm ak istwa ki pi konplike nan diferan kilti ak klasman liv sou istwa, syans, ar, ak mizik. Elèv katriyèm ane eskolè tou ap fè pwogrè enpòtan nan abilité yo pou eksplike klèman e an detay sa ki nan yon liv — toude eksplisitman ak detay ki enplike yo. Nan 4yèm ane eskolè, pitit ou a pral ekri rezime efektif, rapò liv, ak deskripsyon karaktè oubyen evènman nan sèvi ak gramè e ponktiyasyon kòrèk.

### Yon Egzanz Sou Kisa Pitit Ou a Pral Travay nan Katriyèm Ane Eskolè

- Dekri eleman debaz nan yon istwa — tankou karaktè, evènman, ak anviwònan nan desine detay espesifik nan tèks la
- Pote atansyon deprè sou karakteristik kle liv ak atik enfòmasyonèl: sa gen ladan konprann ide prensipal ak ide segondè yo; kapab konpare e diferansye enfòmasyon; e eksplike kijan otè a sèvi ak fè, detay, e evi-dans pou sipòte yon pwen patikilye
- Konpare ide, karaktè, evènman, ak anviwònman nan istwa ak lejann nan diferan kilti
- Ekri rezime oubyen opinyon sou sijè ki sipòte avèk yon seri fè, detay, ak egzanp byen òganize
- Fè ti rechèch pwojè kout yon fason endepandan sou aspè diferan nan itilize evidans ki soti nan liv ak Entènèt
- Refòme e reponn daprè enfòmasyon yo prezante nan diskisyon, tankou konpare e diferansye ide e analyze evidans oratè sèvi pou sipòte pwen patikilye
- Fè rapò aloral sou yon sijè oubyen rakonte yon istwa avèk ase fè e detay
- Ekri fraz konplè avèk lèt majiskil e ôtograf kòrèk
- Fè koneksyon ak mo ki komen e mo ki vle di menm bagay nan lekti (*synonym*) ak mo ki pa vle di menm bagay (*antonym*)

## Resous Distri a

### Sit Entènèt Redaksyon Lekti

Kat Travay LAFS      Objektif/Pèspektif Otè a



Estrikti Tèks  
sou Kontèks



Tablo



Endis



Kadran Rezime



Sijè/Ide Prensipal/Tèm



## Lyen Dijital

iReady: <http://www.dadeschools.net/students.asp>

C-Palms: <http://www.cpalms.org/Public/>

Achieve the Core: <http://achievethecore.org/>

myON Reader: <https://www.myon.com/login/>

Sunshine State Young Reader Award Program: <http://www.floridamedia.org/?page=ssyrahome>